

Kesyon sou Fanmi

Kat Konvèsasyon pou Bati Konfyans

Objektif: Objektif resous sa a se pou genyen lide pou kesyon ke edikatè yo ka itilize avèk fanmi elèv miltileng yo pou ede yo bati konfyans ak relasyon ki gen kolaborasyon. Sa pa yon lis kesyon konplè men se yon lis lide. Kesyon yo la pou kapab itilize yo avèk Modèl Kat Konvèsasyon WIDA a.

Enstriksyon: Chwazi kèk kesyon ki pi byen adapte ak kontèks ou an oswa kreye pwòp kesyon w. Ou pa bezwen itilize tout kesyon yo. Ekri kesyon ou ta renmen itilize nan Modèl Kat Konvèsasyon an, epi apre sa enprime m pou konvèsasyon ou an. Pa egzanp, ou te ka itilize kat konvèsasyon yo pandan yon pòt ouvèt, yon vizit adomisil, oswa yon vizit nan yon òganizasyon kominotè, yon konferans, oswa yon lòt evènman oswa konvèsasyon fòmèl oswa enfòmèl.

Konsiderasyon pou Itilize Avèk Elèv yo, Fanmi, ak Manm Kominotè yo

- **Aktyèl nivo konfyans:** Konsidere pwen fò relasyon w yo pandan w ap itilize ak pataje kat konvèsasyon yo. Lè w enpoze yon fòma kesyon ak repons nan premye entèrakson avèk elèv yo, fanmi, ak manm kominotè yo sa kapab kreye presyon yon fason ki pa entansyonèl, sa ki fè yo santi yo pa alèz olye yo santi soutyen.
- **Konfyans manifeste nan divès fason:** Panse ak ti jès ki fè elèv miltileng yo, fanmi, ak manm kominotè yo santi yo byenvini epi valorize. Itilize salitasyon ki senp nan lang matènèl yo. Pataje pwòp eksperians ou yo si ou se yon elèv Anglè oswa yon migran; eksprime imilite, valè nan lang fanmi yo, ak yon pozisyon aprantisaj si w pa sa. Sa ede konstwi anpati ak kapasite idantifikasyon. Menm ti efò yo ka kontribye anpil pou yo kapab santi yo konsidere yo.
- **Konfyans manifeste ak letan:** Montre ke ou ouvè epi akeyan, epi valorize nivo angajman elèv miltileng yo, fanmi ak manm kominotè yo. Sa vle di koute istwa ak bezwen yo, reponn fidbak ak lide yo, konekte nan lye yo prefere yo, epi ofri opòtinite pou kolabore. Fè relasyon-konstwi yon pratik kontini.

Kesyon pou Edikatè yo Itilize Avèk Fanmi yo

Kòmansman Konstriksyon yon Relasyon

Fanmi W

1. Ki kalite bagay ke _____ [non timoun nan] renmen fè? Kisa nou renmen fè antanke yon fanmi?
2. Ki valè familyal oswa kiltirèl ki empòtan pou ou? Èske w ka pataje yon istwa oswa yon egzant sou sa?
3. Ki eksperyans ou te fè ke nou ta dwe konnen sou fason pou pi byen soutni fanmi w?
4. Ki lòt bagay ou ta renmen nou konnen sou _____ [non timoun nan] ak fanmi w?

Lyen nan Lekòl

5. Kisa ou espere de lekòl nou an? Kisa ou ta renmen konnen sou lekòl nou an?
6. Èske w te ka pataje yon egzant de yon moun nan lekòl la ke ou vrèman fè konfyans epi poukisa?
7. Kisa ou espere _____ [non timoun nan] pral aprann ane sa a? Ki objektif lang ou genyen pou _____ [non timoun nan]? Ki objektif aprantisaj ou genyen pou _____ [non timoun nan]?
 - a. Kisa _____ [non timoun nan] bon anpil ladan? Kisa ou panse _____ [non timoun nan] bezwen travay sou li?
 - b. Ki pi bon fason nou ka soutni _____ [non timoun nan] nan devlopman lang ak aprantisaj li? Ki devlopman sosyo-emosyonèl?
8. Kisa nou ka fè pou asire ke ou menm ak _____ [non timoun nan] santi nou byenvini nan lekòl/saldeklas la?
9. Ki jan nou ka ede _____ [non timoun nan] travay nan lekòl la?

Lyen Kominotè

10. Èske genyen yon moun nan kominote w ka oswa nan yon òganizasyon ke ou vrèman fè konfyans epi ki te itil ou? Èske w ka pataje yon egzant sou fason ou te devlope konfyans lan?
11. Ki resous kominotè ou itilize kounye a ki te ka itil pou pataje avèk lòt fanmi yo?
12. Ki resous kominotè oswa lòt resous ki t ap itil pou ou?

Kontinye Konstriksyon yon Relasyon

Fanmi W

1. Ki jan enterè _____ [non timoun nan] te chanje depi lè nou te pale dènye fwa a, si wi?
2. Dènye fwa nou te pale a, ou te di _____. Ki jan sa te chanje, oswa èske li toujou menm bagay la?

Lyen nan Lekòl

3. Kisa k ap pase avèk _____? (Pataje yon koneksyon lekòl espesifik nou te diskite sou li nan pase.) Kisa mwen ka fè pou soutni?
4. I jan aprantisaj ou, lang, ak/oswa objektif kiltirèl pou _____ [non timoun nan] te chanje depi lè nou te pale dènye fwa a, si wi?
5. Kisa ki t ap fonksyone byen nan kolaborasyon nou an jiskaprezan? Èske w ka pataje yon egzant?
 - a. Kisa nou ka fè yon fason differan pou fè w santi ke yo tandé w/ou byenvini?
 - b. Ki jan mwen reponn kesyon w yo oswa satisfè bezwen w yo?
 - c. Ki jan nou te ka fè relasyon nou an plis kolaboratif?
6. Èske w panse ke lekòl la ap atenn atant ou yo? Kisa nou te ka fè pi byen?
 - a. Ki chanjman ou ta renmen wè ki kontinye pou konstwi yon kilti konfyans ak respè ant lekòl la ak fanmi miltileng yo?